



Konprann benefis yo

Sa ki andedan an

Social Security: yon konsèp ki senp	1
Kisa ou dwe konnen sou Social Security pandan w ap travay	3
Kisa ou dwe konnen sou benefis yo	4
Benefis yo pou fanmi ou	6
Lè ou pare pou w aplike pou benefis yo	7
Pwogram Supplemental Security Income (SSI)	8
Dwa pou konteste	8
Kont « <i>my Social Security</i> » sou entènèt	9
Medicare	9
Kék enfòmasyon sou Social Security	11
Pou kontakte Sekirite Sosyal	11

Social Security: yon konsèp ki senp

Social Security rive sou prèske chak fanmi, epi nan yon moman done li touche lavi prèske tout Ameriken.

Social Security ede Ameriken ki granmoun, travayè yo ki vin enfim ak fanmi yo ki gen yon mari/madanm oubyen yon paran ki mouri. An 2017, anviwon 173 milyon moun te travay epi peye taks Social Security epi anviwon 62 milyon moun te resevwa benefis mansyèl Social Security yo.

Pi fò nan benefisyè nou yo se retrete ak fanmi yo-anviwon 45 milyon moun an Desam 2017.

Men Social Security pat janm fèt pou li vin sèl sous revni moun yo lè yo retrete. Social Security ranplase yon pousantaj nan revni avan retrèt yon travayè ki baze sou kòb li fè pandan lavi I. Kantite lajan nan salè mwayer ou ke benefis retrèt Social Security yo ranplase varye, li depann de salè ou yo ak kilè ou chwazi kòmanse touche benefis yo. Si ou kòmanse touche benefis yo nan laj 67 an, pousantaj sa a varye soti nan 75 pousan pou moun ki te gen yon ti salè piti, li pase anviwon a 40 pousan pou moun ki te gen yon salè mwayer, rive nan

apeprè 27 poustan pou moun ki te gen gwo salè yo. Si ou kòmanse touche benefis yo apre laj 67 an, poustantaj sa yo ap pi wo. Si ou kòmanse touche benefis yo pi bonè, poustantaj sa yo ap pi ba. Pi fò konseye finansye yo di ou pral bezwen anviwon 70 poustan nan revni anvan retrèt ou pou ou viv konfòtab pandan retrèt la, sa gen ladann benefis Social Security ou yo, envestisman yo ak kòb ou te sere pèsònèlman.

Nou vle pou ou konprann kisa Social Security ka vle di pou avni finansye pa ou ak fanmi ou. Piblikasyon sa a, *Understanding the Benefits*, eksplike baz retrèt Social Security yo, enfimite ak pwogram asirans sivivan yo.

Sistèm Social Security kounya a travay konsa: lè w ap travay, ou peye taks yo nan Social Security. Nou itilize lajan taks yo pou nou peye benefis yo pou:

- Moun ki déjà retrete yo;
- Moun ki enfim yo;
- Sivivan travayè yo ki te mouri ak
- Moun ki depann de benefisyè yo.

Nou pa kenbe lajan ou peye sou fòm taks la nan on kont pèsònèl pou ou ke ou ka itilize lè w ap jwenn benefis yo. Nou itilize taks ou yo pou nou peye moun ki ap jwenn benefis yo kounya a. Nenpòt lajan ki pa itilize ale nan fon fidisyè Social Security yo, li pa ale nan yon kont pèsònèl ki gen non ou sou li,

Social Security plis ke retrèt

Anpil moun panse ke Social Security se sèlman yon pwogram retrèt. Pi fò moun k ap resevwa benefis yo retrete, men lòt moun resevwa benefis yo paske yo se:

- Enfim;
- Yon mari/madanm oswa yon pitit yon moun ki ap jwenn benefis yo;
- Yon mari/madanm divòse ak yon moun ki ap jwenn oswa ki kalifye pou Social Security;
- Yon mari/madanm oswa yon pitit yon travayè ki te mouri;

- Yon mari/madanm ki divòse ak yon travayè ki te mouri oubyen
- Yon paran ki depann de yon travayè ki te mouri.

Ou ka kalifye pou Social Security a nenpòt ki laj, sa depann de sikonstans ou yo. An reyalite, Social Security peye plis benefis bay timoun yo ke nenpòt lòt pwogram gouvènman an.

Taks Social Security ou yo

Nou itilize taks Social Security yo ke ou menm ak lòt travayè yo peye nan sistèm nan pou benefis Social Security yo.

Taks Social Security ou peye yo baze sou salè ou yo, jiska yon sèten montan. An 2018, montan sa a se \$128,400.

Taks Medicare yo

Ou peye taks Medicare yo sou tout salè ou yo oswa salè nè yo ki soti nan travay endependan ou yo. Taks sa yo se pou pwoteksyon Medicare.

Si ou travay pou yon lòt moun	Taks Social Security	Taks Medicare
Ou peye	6.2%	1.45%
Patwon ou peye	6.2%	1.45%
Si ou se yon travayè endependan:		
Ou peye	12.4%	2.9%

Taks Medicare an plis

Travayè yo peye yon 0.9 poustan taks Medicare an plis sou revni ki depase yon sèten sèy. Tablo ki vini apre an montre sèy kantite lajan yo ki baze sou estati taks ou deklare:

Estat ou Deklare	Sèy Kantite Lajan
Marye k ap deklare ansanm	\$250,000
Marye k ap Deklare Separeman	\$125,000
Selibatè	\$200,000
Chèf Fanmi (Ki gen Moun ki fè li kalifye)	\$200,000
Vèf (Vèv) ki kalifye ak yon timoun Depandan	\$200,000

Ki kote dola taks Social Security ou yo ale

An 2018, lè ou travay, 81 santim sou chak dola taks Social Security ou peye ale nan yon fon fidisyè ki peye benefis chak mwa bay retrete kounya yo ak fanmi yo, mari/madam sivivan yo ak timoun travayè yo ki te mouri. Lòt 19 santim nan ale nan yon fon fidisyè ki peye benefis yo bay moun ki enfim ak fanmi yo.

Nan fon fidisyè sa yo, Social Security peye tou lajan pou jere pwogram Social Security yo. Social Security Administration se youn nan ajans ki pi efisyan nan gouvènman federal la, epi nou ap travay pou fè li vin pi bon chak jou. Sou chak dola taks Social Security ou peye, nou depanse mwens ke yon (1) peni pou jere pwogram nan.

Tout kantite lajan taks Medicare ou peye yo ale nan yon fon fidisyè ki peye kèk nan fakti lopital ak swen ki an rapò yo pou tout benefisyè Medicare. The Centers for Medicare and Medicaid Services (Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid yo) jere Medicare, se pa The Social Security Administration.

Kisa ou dwe konnen sou Social Security pandan w ap travay

Nimewo Social Security ou

Lyen ou ak Social Security se nimewo Social Security ou. Ou bezwen li pou ou jwenn yon travay ak pou ou peye taks. Nou itilize nimewo

Social Security ou pou nou suiv salè ou yo lè ou ap travay ak benefis ou yo lè ou ap jwenn Social Security.

Pa mache ak kat Social Security ou. Ou dwe fè atansyon nan zafè bay moun nimewo Social Security ou. Zafè vòlè idantite se youn nan krim ki fèt plis jounen jodi an. Pi fò fwa yo, vòlè idantite yo itilize nimewo Social Security ou ak bon kredi ou genyen pou yo aplike pou plis kredi sou non ou. Apresa, yo itilize kat kredi yo epi yo pa peye bil yo.

Nimewo Social Security ou ak dosye nou yo konfidansyèl. Si yon lòt moun mande nou enfòmasyon nou genyen sou ou, nou pap bay ankenn enfòmasyon san ou pa bay otorizasyon sou papye, a mwens ke lalwa mande oubyen pèmèt sa.

Kontakte nou si ou bezwen yon nimewo Social Security, si ou pèdi kat ou epi ou bezwen yon lòt oubyen si ou bezwen chanje non ou nan kat ou genyen kounya a. Nou pral mande ou pou ou konplete yon aplikasyon ki senp epi pou nou wè sèten dokiman. Nou bezwen wè orijinal yo ak kopi yo ki sètifye pa biwo ki emèt yo a. Nou paka aksepte fotokopi oubyen kopi notarye dokiman yo.

Pou ou jwenn yon nimewo Social Security oubyen yon kat w ap ranplase, ou dwe pwouve ke ou se yon sitwayen Ameriken oswa estati imigrasyon, laj ak idantite ou. Nou pa bezwen prèv ou se yon sitwayen Ameriken ak laj ou pou yon kat w ap ranplase si yo deja nan dosye nou yo. Nou aksepte sèlman sèten dokiman kòm prèv ou se yon sitwayen Ameriken. Tankou sètifikasi nesans Etazini ou, paspò Ameriken, Sètifikasi Natiralizasyon oubyen Sètifikasi Sitwayènte ou. Si ou pa yon sitwayen Ameriken, nou dwe wè dokiman imigrasyon ou ki pwouve ou gen otorizasyon pou ou travay. Si w pa gen otorizasyon travay, genyen diferan règ k ap aplike.

Kòm prèv idantite, nou aksepte dokiman kounya a ki montre non ou, enfòmasyon k ap idantifye ou ak de preferab yon foto resan, tankou pèmi kondyi oubyen yon lòt kat idantifikasyon yon eta emèt oubyen yon paspò Ameriken.

Pou ou aplike pou yon chanjman non nan kat Social Security ou, ou dwe montre yon dokiman ki fenk emèt ki pwouve ke non ou te chanje legalman.

Asire ou ke ou kenbe kat Social Security ou an sekirite. Nou limite kantite kat yo ou ka ranplasea twa (3) nan yon ane epi 10 pandan tout vi ou. Chanjman non legal yo ak lòt eksepsyon pa konte nan limit sa yo. Pa egzanp, chanjman yo nan estati non sitwayen ki mande pou mete kat yo a jou ka pa konte nan limit sa yo. Limit sa yo ka pa aplike si ou ka pwouve ke ou bezwen kat la pou ou evite yon difikilte enpòtan.

Pou plis enfòmasyon, li *Your Social Security Number and Card* (Publication No. 05-10002-HC). Si ou pa yon sitwayen Ameriken, li *Social Security Numbers for Noncitizens* (Publication No 05-10096-HC).

Tout sèvis kat nou yo gratis. Social Security pa janm chaje kòb pou sèvis kat yo nou bay yo.

Kijan ou vin kalifye pou Social Security

Pandan w ap travay epi peye taks, ou genyen «kredi» Social Security. An 2018, ou genyen yon kredi pou chak \$1,320 salè ou fè, avèk yon maksimòm kat (4) kredi pou yon ane. Kantite lajan ou bezwen an pou ou genyen yon kredi monte abityèlman chak ane.

Pi fò moun bezwen 40 kredi (10 zan travay) pou yo kalifye pou benefis yo. Moun ki pi jèn yo bezwen mwens kredi pou yo kalifye pou benefis enfimite yo oubyen pou manm fanmi yo kalifye pou benefis sivivan yo lè travayè a mouri.

Kisa ou dwe konnen sou benefis yo

Benefis Social Security yo ranplase sèlman kèk nan salè ou yo lè ou retrete, vin enfim oubyen mouri. Nou baze kantite lajan benefis ou an sou

konbyen ou genyen pandan karyè travay ou. Pi gwo salè pandan lavi ou bay pi gwo benefis. Si te gen kèk ane ke ou pat travay, oubyen ou te gen ti salè, kantite lajan benefis ou an ka vin pi ba ke si ou t ap travay regilyèman.

Benefis Retrèt yo

Chwazi lè pou ou retrete se youn nan desizyon ki pi enpòtan ou pral pran nan lavi ou. Si ou chwazi pou ou retrete lè ou rive nan laj retrèt konplè ou, ou pral resevwa tout kantite lajan benefis ou. Nou pral diminye kantite lajan benefis ou si ou retrete anvan ou rive nan laj retrèt konplè a.

Laj retrèt konplè an

Si ou te fèt soti nan 1943 rive nan 1960, laj pou yo peye ou benefis retrèt konplè yo ogmante gradyèlman jiska laj 67 an. An 2018, si ane nesans ou se 1951 oubyen pi bonè, ou deja kalifye pou tout benefis Social Security ou. Itilize tablo k ap vini an pou ou konnen laj retrèt konplè ou.

Ane Nesans	Laj retrèt konplè an
1943-1954	66
1955	66 ak 2 mwa
1956	66 ak 4 mwa
1957	66 ak 6 mwa
1958	66 ak 8 mwa
1959	66 ak 10 mwa
1960 oubyen pi ta	67

NÒT: Malgre ke laj retrèt konplè a ap ogmante, ou ta dwe toujou aplike pou benefis Medicare yo twa (3) mwa anvan 65yèm anivèsè ou. Si ou tann pi lontan, asirans medikal Medicare ou (Pati B) ak pwoteksyon medikaman sou preskripsiyo ou (Pati D) ka koute ou plis lajan.

Retrèt retade

Si ou chwazi retade resepsyon benefis yo apre lak retrèt konplè ou an, nou pral ogmante benefis ou an pa yon sèten pouvantaj, sa depann de

ane ou fèt la. Nou pral ajoute ogmantasyon an otomatikman chak mwa a pati de moman ou rive nan laj retrèt konplè an, jiskaske ou kòmanse ap pran benefis yo oubyen rive nan laj 70 ane, sa ki vini anvan an. Pou plis enfòmasyon sou kredi retrèt retade yo, ale sou www.socialsecurity.gov/planners/retire/delayret.html.

Retrèt bonè

Ou ka komanse resevwa benefis yo bonè nan laj 62 ane. Nou diminye benefis yo si ou kòmanse bonè pa aniwon mwatye yon poustan pou chak mwa ou kòmanse ap resevwa benefis yo anvan laj retrèt konplè ou an. Pa egzanp, si laj retrèt konplè ou se 66 ane ak 4 mwa, epi ou enskri pou Social Security lè ou gen 62 ane, ou pral jwenn sèlman 73.3 poustan de tout benefis ou an.

NOT: Rediksyon an pral vin pi plis nan ane k ap vini yo pandan laj retrèt konplè a ogmante.

Si w ap travay epi ou jwenn benefis yo

Ou kapab kontinye travay epi toujou resevwa benefis retrèt yo. Salè ou nan (oubyen apre) mwa ou rive nan laj retrèt konplè a pap diminye benefis Social Security ou yo. An reyalite, travay apre laj retrèt konplè a ka ogmante benefis ou yo. Nou pral gen pou nou diminye benefis ou yo, sepandan, si salè ou yo depase sèten limit pou mwa yo anvan ou rive nan laj retrèt konplè a.

Si w ap travay, men ou kòmanse resevwa benefis yo anvan laj retrèt konplè a, nou pran yon (1) dola pou benefis yo pou chak de (2) dola salè ou genyen ki pi wo ke limit anyèl la. An 2018, limit la se \$17,040.

Nan ane ou rive nan laj retrèt konplè a, nou diminye benefis ou yo pa yon (1) dola pou chak twa (3) dola ou genyen sou yon limit anyèl diferan (\$45,360 an 2018) jiska mwa ou rive nan laj retrèt konplè an.

Yon fwa ou rive nan laj retrèt konplè an, ou ka kontinye ap travay, epi nou pap diminye benefis Social Security ou an, kelkeswa kantite kòb ou fè.

Pou plis enfòmasyon sou kijan travay afekte benefis ou yo, li *How Work Affects Your Benefits* (Publication No. 05-10069-HC).

NOT: Moun ki travay epi resevwa lajan enfimite oswa Supplemental Security Income genyen règ salè diferan. Yo dwe rapòte tout salè yo menm kote a bay Social Security kèlkeswa kantite lajan yo fè.

Benefis retrèt pou vèv ak vèf yo

Si ou ap resevwa benefis vèv oswa vèf yo, ou ka chanje pou pwòp benefis retrèt pa w depi nan laj 62 ane, an sipozan ke benefis retrèt ou an plis ke kantite lajan ou resevwa sou salè mari/madam ou an ki te mouri. Souvan, ou ka kòmanse ap resevwa yon (1) benefis a yon to redyi epi apre chanje pou lòt benefis la a yon to plen lè ou rive nan laj retrèt konplè an. Règ yo konplike epi yo varye, sa depann de sitiyasyon ou, alòs pale ak yon reprezantan Social Security sou chwa yo ki disponib pou ou.

Pou plis enfòmasyon sou benefis retrèt yo, li *Retirement Benefits* (Publication No. 05-10035-HC).

Benefis enfimite yo

Si ou paka travay a koz de eta sante fizik oswa mantal ou ki ka dire pou pi piti yon ane oubyen ka koz lanmò ou, ou ka kalifye pou benefis enfimite Social Security yo.

Règ enfimite nou yo diferan de plan ajans prive oubyen gouvènman yo. Kalifye pou enfimite nan yon lòt ajans ou byen pwogram pa vle di ke ou pral kalifye pou benefis enfimite nou yo. Genyen yon deklarasyon de doktè ou ki di ou enfim pa vle ou pral kalifye otomatikman pou benefis enfimite Social Security yo. Pou plis enfòmasyon sou benefis enfimite Social Security yo, li *Disability Benefits* (Publication No. 05-10029-HC). Ou ka aplike pou benefis enfimite Social Security yo sou sit entènèt nou nan www.socialsecurity.gov/benefits.

Moun yo, timoun tou, ki gen ti revni ak ti kal resous, epi ki enfim, ka kalifye pou pèman enfimite yo atravè pwogram Supplemental

Security Income (SSI). Pou plis enfòmasyon sou SSI, li *Supplemental Security Income (SSI)* (Publication No. 05-11000-HC).

Si ou vin enfim, fè yon demann pou benefis enfimite yo pi bonè ke posib, paske abityèlman li pran plizyè mwa pou trete yon demann enfimite. Nou ka trete demann ou an pi vit si ou gen sa ki vin apre yo lè ou aplike:

- Dosye medikal yo ak dat tretman yo ki soti nan men doktè, terapis, lopital, klinik ak travayè sosyal ou yo;
- Laboratwa ou ak lòt rezulta tès yo;
- Non, adrès, telefòn ak nimewo faks doktè, klinik ak lopital ou yo;
- Non tout medikaman ke ou ap pran yo; ak
- Non anplwayè ou yo ak tach ou yo pou dènye 15 ane yo.

Yo ka takse benefis ou yo.

Kèk moun ki jwenn Social Security pral gen pou yo peye taks sou benefis yo an. Anviwon 40 poustan nan benefisyè aktyèl nou yo peye taks sou benefis yo an.

Ou ka gen pou ou peye taks sou benefis ou yo si ou fè yon deklarasyon retou taks federal kòm «endividyèl» epi total revni ou plis pase \$25,000. Si ou fè yon deklarasyon konjwen, ou ka gen pou ou peye taks yo si ou menm ak mari/madanm ou gen yon revni total ki plis pase \$32,000. Pou plis enfòmasyon, rele nimewo gratis Sèvis Revni Entèn yo (Internal Revenue Services) nan **1-800-829-3676**.

Benefis yo pou fanmi ou

Lè ou kòmanse resevwa benefis retrèt oubyen enfimite Social Security, lòt manm fanmi yo ka kalifye tou pou pèman yo. Pa egzanp, yo ka peye madanm/mari ou benefis yo:

- Si yo gen laj 62 ane oswa plis; oubyen
- A nempòt ki laj si y ap pran swen pitit ou (timoun nan dwe pi jèn ke 16 ane oubyen enfim epi gen dwa a benefis Social Security yo sou dosye ou an).

Yo ka peye benefis yo tou bay timoun ou ki pa marye si yo:

- Poko gen 18 ane;
- Ant 18 ak 19 ane men nan lekòl elemantè oswa segondè kòm elèv a plen tan; oubyen
- Gen 18 ane oswa plis epi enfim (enfimite a te dwe kòmanse anvan laj 22 ane).

Nan kèk sikontans, nou ka peye benefis yo tou bay yon bofis, ptit ptit, bò ptit ptit oswa yon timoun ki adopte. Si ou vin paran yon timoun apre ou kòmanse ap resevwa benefis yo, fè nou konnen sa, alòs nou ka deside si timoun nan kalifye pou benefis yo.

Ki kantite lajan manm fanmi yo ka jwenn?

Chak manm fanmi ka vin kalifye pou yon benefis mansyèl ki plis pase mwatye kantite lajan benefis retrèt oswa enfimite ou an. Sepandan, genyen yon limit pou kantite lajan total ke nou ka peye ou ak fanmi ou. Limit la varye, men li egal jeneralman a anviwon 150 a 180 poustan benefis retrèt oswa enfimite ou an.

Si ou divòse

Si ou divòse, ansyen mari/madanm ou ka kalifye pou benefis yo sou salè ou yo. Nan kèk sitiayson, li ka jwenn benefis yo menm si ou pap resevwa yo. Pou li kalifye, yon moun divòse dwe:

- Te marye avè w pandan omwen 10 ane;
- Te divòse omwen de (2) ane nan ka yo kote ou pa ranpli demann pou benefis yo;
- Gen omwen laj 62 ane;
- Pa marye; epi
- Sa depann de sikontans yo, pa gen dwa oswa pa kalifye pou yon benefis sou pwòp travay li an ki egal a oswa depase mwatye kantite lajan total sou dosye ou an.

Benefis sivivan yo

Lè ou mouri, fanmi ou ka kalifye pou benefis yo ki baze sou travay ou.

Vèv ak vèf yo enkli nan manm fanmi yo ki ka kolekte benefis yo, yo dwe gen :

- 60 ane oswa plis; oubyen
- 50 ane oswa plis epi enfim; oubyen
- Nenpòt ki laj si li ap pran swen timoun ou an ki pi jèn ke 16 ane oubyen enfim epi gen dwa a benefis Social Security yo sou dosye ou an.

Timoun ou yo ka resevwa benefis yo tou, si yo pa marye epi:

- Pi jèn ke 18 ane; oubyen
- Ant 18 ak 19 ane men nan lekòl elemantè oswa segondè kòm elèv a plen tan; oubyen
- Gen 18 ane oswa plis epi enfim (enfimite a te dwe kòmanse anvan laj 22 ane).

An plis, paran ou yo ka resevwa benefis yo sou salè ou yo si yo te depann de ou pou omwen mwatye nan sipò yo.

Yon pèman yon sèl fwa apre lanmò

Si ou gen ase kredi, nou ka fè tou yon pèman yon sèl fwa \$255 apre lanmò ou. Nou ka peye benefis sa a bay mari/madanm ou oubyen timoun yo ki minè si yo ranpli sèten kondisyon.

Si ou te divòse epi ou gen yon ansyen mari/madanm sivivan

Si ou te divòse, ansyen mari/madanm ou ka kalifye pou benefis sivivan yo ki baze sou salè ou yo lè ou mouri. Yo dwe:

- Gen omwen laj 60 ane (oubyen 50 ane si li enfim) epi te marye avè w pandan omwen 10 ane; oubyen
- Genyen nenpòt laj si y ap pran swen yon timoun ki kalifye pou benefis yo ki baze sou salè ou yo; epi
- Pa gen dwa a yon benefis ki baze sou pwòp travay yo ki egal oubyen pi wo pase tout kantite lajan asirans nan dosye ou an; epi
- Pa marye aktyèlman, a mwens ke remaryaj la te rive apre laj 60 ane oubyen apre laj 50 ane si li enfim.

Benefis yo peye yon ansyen mari/madanm pap afekte pousantaj benefis yo pou lòt sivivan yo k ap resevwa benefis yo sou dosye salè ou yo.

NÒT: Si ou mouri epi ansyen mari/madanm ou remarye apre laj 60 ane, yo ka kalifye pou benefis Social Security yo ki baze swa sou travay ou oswa travay mari/madanm ou, sa ki pi wo an.

Konbyen lajan sivivan ou yo jwenn?

Sivivan ou yo resevwa yon pousantaj nan benefis de baz Social Security ou an - abityèlman nan yon entèval ki soti nan 75 rive nan 100 pousan chak. Sepandan, genyen yon limit pou kantite lajan ke nou ka peye chak mwa bay yon fanmi. Limit la varye, men li egal jeneralman a anviwon 150 a 180 pousan to benefis ou an.

Lè ou pare pou w aplike pou benefis yo

Ou dwe aplike pou benefis yo kat (4) mwa anvan dat ou vle benefis ou yo kòmanse. Si ou pa pare pou ou retrete, men ou ap panse a fè sa pi ta, ou dwe vizite sit entènèt nou an pou ou utilize planifikatè retrèt enfòmatif nou an nan www.socialsecurity.gov/benefits. Pou ou ranpli demann pou benefis sivivan oswa enfimite yo, ou dwe aplike depi ou kalifye.

Ou ka aplike pou benefis yo sou sit entènèt nou an nan www.socialsecurity.gov/applyforbenefits.

Ou ka jwenn yon estimasyon benefis rapid epi fasil ki baze sou dosye salè Social Security ou an nan www.socialsecurity.gov/estimator. Ou ka jwenn tou plis kalkil benefis detaye nan www.socialsecurity.gov/planners.

Ki sa ou pral bezwen pou ou aplike

Lè ou aplike pou benefis yo, nou pral mande ou pou ou bay sèten dokiman. Dokiman yo ou pral bezwen depann de kalite benefis ou ranpli demann pou li. Ba nou dokiman sa yo rapid ap pral ede nou peye benefis yo pi vit. Ou dwe

rezante dokiman orijinal yo ak kopi yo ki sètifye pa biwo ki emèt yo a - nou paka aksepte fotokopi yo.

Pa retade ranplisaj yon aplikasyon jis paske ou pa gen tout dokiman ou bezwen yo. Nou pral ede ou jwenn yo.

Kèk dokiman ou ka bezwen lè ou enskri pou Social Security se:

- Kat Social Security ou an (oswa yon dosye nimewo ou an);
- Batistè ou;
- Batistè pitit ou yo ak nimewo Social Security yo (si ou ap aplike pou yo);
- Prèv sitwayènte Ameriken oswa estati imigrasyon legal si ou (oswa yon timoun) pat fèt nan United States;
- Batistè mari/madanm ou ak nimewo Social Security li si li ap aplike pou benefis you ki baza sou salè ou yo;
- Sètifikasi maryaj ou (si ou ap enskri sou salè mari/madanm ou oswa si mari/madanm ou ap enskri sou salè ou yo);
- Papye dechaj militè ou si ou te nan sèvis militè; ak
- Fòmilè W-2 ou ki pi resan, oswa deklarasyon taks ou, si ou travay ak tèt ou.

Nou pral fè w konnen si nou bezwen lòt dokiman lè ou aplike.

Kijan nou peye benefis yo

Ou dwe resevwa pèman Social Security ou yo elektwonikman. Youn nan fason ou ka chwazi pou ou resevwa benefis ou yo se pa depo dirèk sou kont ou nan yon enstitisyon finansyè. Depo Dirèk se yon fason senp epi ki sekirité pou ou resevwa pèman ou yo. Asire w ke ou gen kanè chèk ou oswa eta kont ou avè w lè ou aplike. Nou pral bezwen enfòmasyon sa a, avèk tou nimewo woutaj enstitisyon finansyè ou an, pou sou asire nou ke depo benefis mansyèl ou an ale nan bon kont lan.

Si ou pa genyen yon kont nan yon enstitisyon finansyè, oswa si ou prefere resevwa benefis ou yo nan yon kat debi prepeye, ou ap enskri pou pwogram kat Direct Express la. Ak Direct Express, pèman yo ale dirèk nan kont kat la. Yon lòt chwa pèman ou ka konsidere se yon kont transfè elektwonik. Kont a ba pri sa aki asire federalman pèmèt ou jwi sekirite ak kote pratik pèman otomatik yo.

Pwogram Supplemental Security Income (SSI)

Si ou jwenn benefis Social Security yo, men ou revni ak resous (bagay ou posede) limite, SSI ka ede w. Finansman SSI soti nan revni jeneral yo, pa nan taks Social Security yo.

SSI fè pèman mansyèl bay moun ki gen laj 65 ane oswa plis oubyen ki avèg oswa enfim. Nou pa konte kèk nan revini ou yo ak kèk nan resous ou yo lè nou deside si ou kalifye pou SSI. Kay ou ak machin ou, pa egzanp, abityèlman pa konte kòm resous.

Pou ou aplike pou SSI, ou ka kòmanse pwoesisis la epi - nan kèk ka - konplete pi fò nan aplikasyon ou an sou entènèt lè ou vizite sit entènèt nou an nan www.socialsecurity.gov/applyforbenefits. Ou ka rele nou tou gratis nan **1-800-772-1213** pou ou planifye yon randevou an pèsòn oubyen nan telefòn ak yon reprezantan ki soti nan biwo lokal Social Security ou an.

Dwa pou konteste

Si ou pa dakò avèk desizyon yo fè sou reklamasyon ou an, ou ka konteste li. Pou yon eksplikasyon sou etap yo ou ka pran, li *The Appeals Process* (Publication No. 05-10041-HC).

Ou ka jere pwòp kontestasyon ou ak èd gratis de Social Security, oswa ou ka chwazi pou ou genyen yon reprezantan ki pou ede w. Nou kapab ba ou enfòmasyon sou òganizasyon yo ki ka ede w jwenn yon reprezantan. Pou plis enfòmasyon sou seleksyon yon reprezantan, li *Your right to Representation* (Publication No. 05-10075-HC).

Kont «*my Social Security*» sou entènèt

Ou ka fasilman kreye kounya a yon kont sekirize sou entènèt *my Social Security* pou ou aksede a deklarasyon Social Security ou pou ou verifye salè ou yo epi jwenn estimasyon benefis ou yo. Ou ka tou itilize kont sou entènèt *my Social Security* pou ou mande yon nimewo kat Social Security w ap ranplase (disponib nan kèk eta ak District of Columbia). Si ou resevwa benefis yo aktyèlman, ou ka tou:

- Jwenn lèt verifikasyon benefis ou;
- Chanje adrès ou ak nimewo telefòn ou;
- Mande yon kat ranplasman Medicare;
- Mande yon ranplasman SSA-1099 oubyen SSA-1042S pou sezon taks la; oubyen
- Kòmanse oswa chanje depo dirèk ou.

Ou ka kreye yon kont *mySocial Security* si ou gen laj 18 ane oswa plis, genyen yon nimewo Social Security, yon imèl valid ak adrès postal Etazini. Pou ou kreye yon kont, ale nan www.socialsecurity.gov/myaccount. Ou pral bezwen pou ou bay kèk enfòmasyon pèsonèl pou ou konfime idantite ou epi apre chwazi yon non itilizatè ak modpas.

Medicare

Medicare se pwogram asirans sante de baz peyi nou an pou moun ki gen laj 65 ane oubyen plis ak pou anpil moun ki enfin yo.

Ou pa dwe konfond Medicare ak Medicaid. Medicaid se yon pwogram swen sante pou moun ki pa touche ase revni epi ki gen resous limite. Biwo Sante leta ak sèvis imen yo oswa ajans sèvis sosyal yo dirije pwogram Medicaid la. Kèk moun kalifye sèlman pou yon pwogram, pandan ke lòt yo kalifye pou tou lè de (2) Medicare ak Medicaid.

Medicare gen kat (4) pati

- Pati A Medicare la (asirans lopital) ede peye pou swen lopital pasyan ki entènè ak sèten sèvis syivi.

- Pati B Medicare la (asirans medikal) ede peye pou sèvis doktè yo, swen lopital pou pasyan ki pa entènè ak lòt sèvis medikal.
- Pati C Medicare la (Plan Medicare Advantage yo) disponib nan plizyè zòn. Moun ki gen Pati A ak B Medicare yo ka chwazi resevwa tout sèvis swen sante yo a travè yon konpayi asirans prive ki apwouye pa Medicare pou bay pwoteksyon sa a.
- Pati D Medicare la (Pwoteksyon medikaman sou preskripsiyo Medicare) ede kouvri kou medikaman sou preskripsiyo yo.

Kiyès ki kalifye pou Pati A Medicare la?

Pi fò moun jwenn Pati A a lè yo vin gen 65 ane, Ou kalifye pou li otomatikman si ou kalifye pou benefis Social Security oswa Railroad Retirement Board yo. oubyen, ou ka kalifye sou travay yon mari/madanm (yon mari/madanm divòse enkli). Lòt yo kalifye paske yo se anplwaye gouvènman an ki pa pwoteje pa Social Security, ki te peye taks Medicare la.

Si ou jwenn benefis enfimite Social Security yo pou 24 mwa, ou pral kalifye pou Pati A a.

Si ou jwenn benefis enfimite Social Security yo paske ou genyen skleroz lateral amyotwofik (Maladi Lou Gehrig), ou pa gen pou ou tann 24 mwa pou ou kalifye.

Epitou, yon moun ki gen ensifizans renal pèmanan ki ap mande ase tan, oswa li se mari/madanm oubyen pitit yon travayè ki kalifye.

Si ou pa ranpli kondisyon sa yo, ou ka an mezi pou ou jwenn asirans lopital Medicare lè ou peye yon prim mansyèl. Pou plis enfòmasyon, rele nan nimewo gratis nou an oswa vizite sit entènèt nou an.

Sèten moun ki te ekspose a risk pou sante ki gen rapò ak anviwònnman gen dwa pou yo jwenn Pati A epi yo ka enskri nan Pati B an Pati D yo. Moun sa yo genyen yon maladi ki gen rapò ak amyat epi yo te prezan pandan omwen 6 mwa nan Lincoln County, Montana 10 ane oswa plis anvan dyagnostik la.

Kiyès ki kalifye pou Pati B Medicare la?

Prèsk chak moun ki kalifye pou Pati A ak a jwenn Pati B an. Pati B an opsyonèl epi ou peye abilityèlman yon prim mansyèl. Pou 2018 la, prim mansyèl standa a se \$134.00. Kèk moun ki gen revni ki pi wo peye prim ki pi wo.

Kiyès ki ka jwenn Pati C Medicare la?

Nenpòt moun ki gen Pati A ak Pati B Medicare ka rantre nan yon plan Medicare Advantage.

Plan Avantaj Medicare Advantage la gen ladann:

- Plan swen yo jere pa Medicare
- Plan Medicare preferred provider organization (PPO) yo (Plan òganizasyon founisè privilejye Medicare)
- Plan prive peye pou sèvis Medicare yo
- Plan spesyalite Medicare yo

An plis de prim Pati B Medicare ou an, ou te ka gen pou w peye yon lòt prim mansyèl a koz de benefis an plis plan Avantaj Medicare yo ofri.

Kiyès ki ka jwenn Pati D Medicare la?

Nenpòt ki moun ki gen Pati A Medicare oswa Pati B Medicare elijib pou pwoteksyon medikaman sou preskripsiyan. Pati D Medicare la opsyonèl, epi ou peye yon prim mansyèl an plis pou pwoteksyon an. Kèk moun ki gen revni ki pi wo peye prim ki pi wo. Anpil moun jwenn pwoteksyon Pati D yo an a travè yon plan Avantaj Medicare.

Kilè ou dwe aplike pou Medicare?

Si ou potko ap jwenn benefis yo, ou ta dwe kontakte Social Security anviwon twa (3) mwa anvan 65yèm anivèsè ou pou ou enskri pou Medicare. Ou ta dwe enskri pou Medicare menm si ou pa gen plan pou ou retrete a laj 65 an.

Si ou te deja ap jwenn benefis Social Security yo oswa pèman Railroad Retirement Board yo, nou pral kontakte ou kèlke mwa anvan ou vin kalifye pou Medicare epi voye ba ou enfòmasyon. Si ou viv nan youn nan 50 eta yo, Washington,D.C., Northern Mariana Islands, Guam, American Samoa, oswa U.S Virgin Islands, nou pral enskri

ou otomatikman nan Pati A ak B Medicare. Sepandan, kòm ou dwe peye yon prim pou pwoteksyon pati B an, ou ka chwazi pa aksepte enskri.

Nou **pa** pral enskri ou otomatikman nan plan medikaman sou preskripsiyan Medicare la (Pati D). Pati D a opsyonèl epi ou dwe chwazi pwoteksyon sa a. Pou dènye enfòmasyon sou Medicare, vizite sit entènèt la oswa rele nan nimewo gratis ki endike anba a.

Medicare	<p>Sitwèb: www.Medicare.gov Nimewo gratis: 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) Nimewo TTY: 1-877-486-2048</p>
-----------------	---

NÒT: Si ou pa enskri pou Pati B ak Pati D premye fwa ou kalifye a, ou kapab bezwen peye yon penalite enskripsiyan an reta pou tout tan ou gen pwoteksyon Pati B ak Pati D. Epitpiu, ou ka gen pou ou tann pou ou enskri, sa ki pral mete pwoteksyon an an reta.

Moun ki rete Pòtoriko oswa nan peyi etranje pap resevwa Pati B an otomatikman. Yo dwe chwazi benefis sa a. Pou plis enfòmasyon, li Medicare (Publication No. 05-10043-HC).

Si ou gen yon Health Savings Account (HSA) (Kont Depay pou Sante)

Si ou gen yon HSA lè ou enskri pou Medicare, ou paka kontribye nan HSA ou an yon fwa ke pwoteksyon Medicare ou an kòmanse. Si ou kontribye nan HSA ou an apre pwoteksyon Medicare ou an kòmanse, ou ka gen pou ou peye yon penalite kòm taks. Si ou ta renmen kontinye kontribye nan HSA ou an, ou pata dwe aplike pou benefis Medicare, Social Security, oswa RailRoad Retirement Board (RRB) yo.

NÒT: Pwoteksyon Pati A san prim nan kòmanse 6 mwa an aryè a pati de dat ou aplike pou benefis Medicare (oswa Social Security/RRB) yo, men pa anvan premye mwa ke ou te kalifye pou Medicare la. Pou ou evite penalite taks la, ou dwe sispann kontribye nan HSA ou an omwen 6 anvan ou aplike pou Medicare.

“Extra Help (Ed an plis) ak kou Medikaman sou Preskripsiyon Medicare yo.

Si ou gen revni ak resous ki limite, ou ka kalifye pou Extra Help pou ou peye pou medikaman sou preskripsiyon ou yo sou Pati D Medicare. Wòl Social Security se pou ede ou konprann kòman ou ka kalifye epi pou traiter aplikasyon ou an pou Extra Help. Pou w wè si ou kalifye oswa pou ou aplike, rele nimewo gratis Social Security la oubyen vizite www.socialsecurity.gov/extrahelp.

Ed ak lòt kou Medicare yo

Si ou gen revni ki limite epi pa anpil resous, eta ou an ka peye prim Medicare ou yo epi, nan kèka, lòt depans medikal ki te soti nan pòch ou, tankou dediktib yo ak ko-asirans.

Sèl eta ou an ka deside si ou kalifye pou èd sou pwogram sa a. Si ou panse ou kalifye, kontakte Medicaid ou, sèvis sosyal yo, oubyen biwo sante ak sèvis moun. Vizite www.Medicare.gov/contacts oswa rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227; TTY: 1-877-486-2048) pou ou jwenn nimewo yo.

Kèk enfòmasyon sou Social Security

Taks Social Security 2018 yo

- Ou peye 6.2 poustan epi anplwayè ou peye 6.2 poustan.
- Si ou se yon travayè endependan, ou peye 12.4 poustan.
- Ou pa peye taks Social Security sou lajan ou fè ki plis pase \$128,400.

Taks Medicare 2018 yo

- Ou menm ak anplwayè ou, nou chak peye 1.45 poustan.
- Si ou se yon travayè endependan, ou peye 2.9 poustan.
- Ou peye taks Medicare yo sou tout lajan ou fè; pa gen limit.
- Genyen taks Medicare an plis pou travayè ki gen gwo revni yo.

Kredi travay yo an 2018

- Pou chak \$1,320 ou fè, ou resevwa yon «kredi» Social Security, jiska kat (4) pa ane.
- Pi fò moun bezwen 40 kredi pou yo kalifye pou benefis retrèt yo.
- Moun ki pi jèn yo bezwen mwens kredi pou yo kalifye pou benefis enfimite yo oubyen pou manm fanmi yo kalifye pou benefis sivivan yo.

Benefis mansyèl mwayen Social Security yo an 2018

- Travayè retrete: \$1,404
- Travayè retrete ak yon mari/madanm ki aje : \$2,340
- Travayè enfim: \$1,197
- Travayè enfim ak yon mari/madanm ki jèn epi yon timoun oswa plis:\$2,054
- Vèv ak vèf ki aje: \$1,338
- Vèv ak vèf ki jèn ak de (2) timoun: \$2,743

To pèman mansyèl SSI yo 2018

(Li pa enkli sipleman eta a, si genyen)

- \$750 pou yon endividé
- \$1,125 pou yon koup.

Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè I ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou dèmilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an www.socialsecurity.gov. Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay miltilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tandem.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today
and tomorrow

Social Security Administration

Publication No. 05-10024-HC | January 2018

Understanding the Benefits 2018 (Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a